

AVI KI FÈ KONNEN OU KAPAB GEN RESPONSABILITE POU W PEYE FRÈ MEDIKAL YO NAN KA KOTE PA TA GEN PWOSEDI JIDISYÈ KI FÈT, OSWA SI DEMANN REPARASYON AN PA OTORIZE, OSWA SI YO APWOUVE AKÒ AN NAN KONFÒMITE AK WCL §32.

NIMEWO DOSYE WCB AN (Si w konnen l)		ADMINISTRASYON DEMANN LAN NIMEWO DEMANN LA (Si w konnen l)	DAT AKSIDAN AN	KATEGORI AKSIDAN (BLESE) OSWA MALADI AN	NIMEWO SEKIRITE SOSYAL KANDIDA AN
KANDIDA AN		NON		ADRÈS	NIMEWO APATMAN AN
ANTREPRIZ KI BAY TRAVAY LA					
KONPAYI ASIRANS LAN					

Ou kapab vin gen reponsabilite pou w peye frè medikal pou trètman maladi oswa kondisyon medikal ou an lakay pwofesyonèl swen sante ki pi ba an si (1) ou pa kòmanse pwosedi jidisyè pou demann reparasyon nan kad aksidan travay la oswa (2) si Komisyon Reparasyon Travayè yo nan kad Aksidan Travay la ta detèmine maladi an oswa kondisyon medikal la ki bezwen trètman an pa t yon konsekans yon aksidan travay oswa maladi pwofesyonèl ki kapab fè w benefisye reparasyon oswa (3) si ou te siyen yon akò epi akò sa te apwouve dapre §32 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè nan kad Aksidan Travay la kote w te renonse ak dwa w genyen pou w jwenn avantaj medikal gras ak konpayi asirans/konpayi ki gen asirans pa li pou reparasyon nan kad aksidan travay la pou trètman/sèvis ki te bay aprè dat akò an te apwouve an. Si youn nan sitiyasyon ki afiche pi wo yo ta rive, pwofesyonèl swen sante an kapab faktire w dirèkteman nan plas antrepriz ki ba w travay la oswa konpayi asirans lan, epi ou pral gen reponsabilite pou w peye frè pwofesyonèl swen sante an pou sèvis li ofri w yo.

Mwen konfime mwen te li sa ki ekri pi wo an epi mwen konprann sikonstans kote mwen kapab vin gen reponsabilite peye.

Siyati Kandida an _____ Dat _____

Non Pwofesyonèl Swen Sante an ak Adrès li _____

POU KANDIDA AN

Règ 325-1.23 Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay lan bay pwofesyonèl swen sante w la otorizasyon pou l mande w siyen avi A-9 la. Lè w siyen avi sa, ou asepte obligasyon w genyen pou w peye frè pwofesyonèl swen sante w yo pou sèvis ou benefisye yo si sa ta rive frè sa yo pa obligatwa legalman pou antrepriz ki ba w travay la oswa konpayi asirans pou reparasyon nan kad aksidan travay la peye yo epi si frè sa yo pa sou kont yon lòt kouvèti asirans. Antrepriz ki ba w travay la oswa konpayi asirans la kapab pa oblije peye frè pwofesyonèl swen sante yo si, pa egzanzp, ou pa ta depoze yon demann pou reparasyon nan kad aksidan travay la, oswa si w pa fè antrepriz ki ba w travay la konnen ou te blese oswa malad, oswa si w pa al patisipe nan yon odyans Komisyon an si antrepriz ki ba w travay la konteste dwa w genyen pou w benefisye avantaj yo. Menm si ou fè tout efò ki nesèsè pou pwosedi jidisyè nan kad demann ou an, Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan Kad Aksidan Travay la kapab toujou deside si ou gen dwa pou w benefisye avantaj yo. Nan ka sa yo, avi sa fè pwofesyonèl swen sante w la konnen ou rekonèt reponsabilite w genyen pou w peye fakti li yo.

Atik 32 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la

Avi A-9 la pale sou sitiyasyon kote yon kandida ki gen yon dosye reparasyon nan kad aksidan travay ki valid vin siyen yon akò ak antrepriz ki te ba l travay la oswa konpayi asirans li an ki trete dosye li an dapre sa ki di nan Atik 32 nan Lwa sou Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay la. Yon akò sou Atik 32 la kapab genyen ladan li yon dispozisyon ki sòti reponsabilite pou peye fakti medikal ki asosye ak dosye an sou do antrepriz ki bay travay la oswa konpayi asirans lan. Pwofesyonèl swen sante w la kapab mande w pou w siyen avi A-9 sa pou fè si ou rekonèt reponsabilite pèsonèl ou genyen pou peye fakti yo si ou renonse ak dwa w genyen pou w benefisye avantaj medikal pi devan yo dapre yon akò sou Atik 32 an.

Si ou gen nenpòt kesyon, kontakte avoka w la oswa reprezantan otorize li nan odyans lan, si ou gen youn. Ou kapab kontakte biwo distri Komisyon Reparasyon pou Travayè yo nan kad Aksidan Travay ki toupre kote w rete an.

POU PWOFEYONÈL SWEN SANTE AN

Objektif avi sa se fè kandida pou reparasyon nan kad aksidan travay la konnen li kapab gen reponsabilite pou peye. Lè kandida an pa siyen fòm sa sa a vle di pwofesyonèl swen sante an pa gen obligasyon pou l trete kandida an, ni tou sa pa vle di kandida an pa gen reponsabilite pou peye.

Konsève fòm orijinal la nan rejis ou yo epi bay kandida an yon kopi. **Pa depoze l devan Komisyon Reparasyon pou Travayè nan kad Aksidan Travay la.** Ou pral resevwa Avi Desizyon ki pral genyen ladan yo atik ki dekri nan ki nivo yon demann kapab benefisye reparasyon, otorizasyon trètman, oswa pèman fakti medikal. Ou pral konnen si kandida an soumèt yon Akò sou Atik 32 an bay Komisyon an pou apwobasyon. Pa fè kandida an peye sof si epi jiskaske ou ou resevwa yon avi desizyon Komisyon an ki detèmine (1) kandida an pa kòmanse pwosedi jidisyè pou depann lan, oswa (2) yo refize demann lan, oswa (3) trètman an pa t yon konsekans dirèk ak aksidan (blese) nan kad travay la, oswa (4) yo apwouve yon akò sou Atik 32 an ki sòti reponsabilite nan kad trètman medikal la sou do konpayi asirans lan.